

# KALANDRIYE Aktivite

MPO	BPAC	BCCB	CIR	TCC
<b>Septanm</b>				
Jedi 20 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 12 a 6:30 apremidi Sal 329 F	Lendi 17 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 4 a 6:00 apremidi Sal 430	Lendi 24 a 2:00 apremidi Sal 302
<b>Oktòb</b>				
Jedi 11 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 10 a 6:30 apremidi Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 2 a 6:00 apremidi Sal 430	Lendi 22 a 2:00 apremidi Sal 302
<b>Novanm</b>				
Jedi 8 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 a 6:30 apremidi Sal 329 F	Lendi 19 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 6 a 6:00 apremidi Sal 430	Lendi 26 a 2:00 apremidi Sal 302
<b>Desanm</b>				
Jedi 13 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 12 a 6:30 apremidi Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 4 a 6:00 apremidi Sal 430	Pa gen reyinyon

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès sa a: **Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi piblik la envite nan tout reyinyon yo.**

## Akwonim

AADT Annual Average Daily Traffic Counts	FDOT Florida Department of Transportation
APTA American Public Transit Association	FHWA Federal Highway Administration
BCCB Broward County Coordinating Board	FS Florida Statute
BCT Broward County Transit	FTA Federal Transit Administration
BPAC Bicycle Pedestrian Advisory Committee	FY Fiscal Year
CAAA Clean Air Act Amendment	GIS Geographic Information System
CBD Central Business District	L RTP Long Range Transportation Plan
CMA Congestion Management	MPO Metropolitan Planning Organization
CIR Community Involvement Roundtable	SAFETEA-LU
DCA Department of Community Affairs	Safe, Accountable, Flexible, Efficient, Transportation Equity Act - A Legacy for Users
DRI Development of Regional Impact Statement	SEFTC Southeast Florida Transportation Council
EIS Environmental Impact Statement	SFRFTA South Florida Regional Transportation Authority
EPA Environmental Protection Agency	SIS Strategic Intermodal System
FAA Federal Aviation Authority	TCC Technical Coordinating Committee
FAC Florida Administrative Code	TIP Transportation Improvement Program
FCTD Florida Commission Transportation Disadvantaged	UPRD Urban Planning and Redevelopment Department

Pou plis enfòmasyon, gade nan:

[www.broward.org/mpo](http://www.broward.org/mpo)

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Aktivite Kominotè a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan fòm an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray. Pou piblye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400.00, sa ki vle di \$467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram Broward County MPO yo.



VOLIM 10, NIMEWO 14

Twazyèm Trimès 2007

## REYINYON KONSÈY KONSILTASYON MPO BROWARD COUNTY A POU ANE 2007

Chak ane, Òganizasyon pou Plannifikasyon Metwopoliten nan Broward, Palm Beach, ak Miami Dade yo reyini pou pèmèt manm nan chak konsèy konsiltatif ki nan konte sa yo gen yon chans rankontre pou egzaminen ni pwojè ki deja la yo, ni pwojè ki pral fèt, ki gen yon enpak sou rejyon an. Kounye a, pou twazyèm

poze kesyon sou pwojè yo, sou plan yo, ak sou lòt bagay ki an rapò avèk kominote yo. Men pwen enpòtan ki te enskri nan ajanda a:

- Apèsi sou Konsèy pou Transpò nan Sidès Florid la (SEFTC)
- Pwogrè ki fèt nan Plannifikasyon Transpò pou Lontan an (LRTP)
- Apèsi sou Konsèy Konsiltatif Metropolitan Planning Organization an (MPOAC)
- Dènye nouvèl sou kesyon lejislatif yo
- Dènye nouvèl sou sètifikasyon federal pou rejyon an



Scott Seeburger, Direktè Pwojè pou Distrik 4 nan FDOT a, te fè yon prezantasyon pou komite a sou Analiz Transpò nan Koridò South Florida East Coast la, ak sou rezilta li bay nan Sidès Florid la.

ane li, reyinyon 2007 Komite Konsiltatif Rejyonnal (CAC) la te fèt nan dat 13 jen, nan biwo Ajans Transpò Rejyonnal pou Sid Florid la (SFRFTA) nan Pompano Beach. Komite ane sa a te genyen 10 manm ki te reprezante tout 3 òganizasyon nan zòn twa-konte yo: CIR (Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote), Komite Konsiltatif pou Transpò Rezidan Miami-Dade (CTAC), ak CAC Palm Beach la.

Animatris reyinyon an, se te Judy Daversa, ki nan CAC Palm Beach la. Lòt moun ki te nan komite a, se John Rude, prezidan CIR nan MPO Broward la. Asistans lan te genyen 20 moun ki te soti nan piblik la, ansanm ak manm plizyè ajans transpò.

Seyans lan te koumanse avèk yon deklarasyon Joe Giulietti, ki se Direktè Egzekitif SFRFTA a. Apre sa, yo te bay manm komite yo ak moun nan asistans lan yon chans pou fè kòmantè ak



John Rude, ki se manm nan Konsèy la, sèvi tou kòm prezidan Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote MPO a (CIR).

### Nan Nimewo Sa a...

- Jou pou Selebre Fondatè Cooper City / Espozisyon sou Prekosyon kont Siklòn nan Broward County
- MPO Broward la antre nan yon Pwosedi Sètifikasyon Federal
- Kout Chapo pou dènye prezidan MPO Broward la, Onorab Richard Kaplan
- Rekapitilasyon sou vizit MPO Broward pou fè kontak nan lekòl an 2007 yo
- Vizyon ak Devouman mennen nan Reyalizasyon Pwojè Anbelisman Marina Mile 84 la
- Jounen Miramar

NEWSLETTER OF THE BROWARD MPO

PRSR STD  
US POSTAGE  
PAID  
FT. LAUDERDALE, FL  
PERMIT #5450

Broward Metropolitan Planning Organization  
115 S. Andrews Avenue, Room 329H  
Fort Lauderdale, FL 33301



## “METE L NAN LARI A”

**Jou pou Selebri Fondatè Cooper City / Espozisyon sou Prekosyon kont Siklòn nan Broward County**

Chak mwa avril, rezidan nan Cooper City yo fè yon mache kontre nan Jou pou Selebri Fondatè Cooper City a. Ane sa a, fèt la te òganize nan samdi 28 avril, nan Brian Piccolo Park.

Pandan yo te nan fèt la, manm pèsonnèl MPO Broward la tanmen konvèsasyon avèk plis pase 50 moun ki te vini. Pifò nan moun sa yo, ki te patisipe nan sondaj la, te ekri kòmantè pou fè konnen sa yo te kapab di sou kesyon tankou chimen pou pase sou cheval yo, anbouteyaj nan trafik, ak transpò piblik.

Nan samdi 2 jen, MPO Broward la fè yon prezantasyon nan dezyèm espozisyon anyèl sou Prekosyon kont Siklòn nan Broward County a. Ekip Broward MPO a distribye bilten nouèl ak pwospektis sou Sun Trolley ak sou Broward East/West Express (BEWE), ansanm ak lòt enfòmasyon avèk atik pou pwomosyon. Pandan fèt la, ekip la pale tou ak 86 vizitè.

Nan pami moun yo te poze kesyon yo, prèske 40 pousan fè konnen pwoblèm ki enterese yo plis, se anbouteyaj nan sikilasyon. Lòt pwèn ki te enterese yo, se transpò piblik ak bezwen pou plis fasilite pou bisiklèt. Ane sa a, espozisyon an te òganize nan Sant pou Operasyon Ijans nan Broward County a (EOC), nan Plantation, ki se sant prensipal aktivite nan konte a, lè gen siklòn ak lòt ijans.



## MPO BROWARD LA ANTRE NAN YON PWOSEDI SÈTIFIKASYON FEDERAL

Daniel J. Stermer, prezidan MPO, Komisè nan Vil Weston

Federal Highway Administration (FHWA) ak Federal Transit Administration (FTA) te konn òganize revizyon chak 3 an pou sètifikasyon MPO yo nan tout Etazini. Travay ajans sa yo pral fè, se evalye metòd plannifikasyon MPO Broward la, pou wè ki ranman nou rive bay nan sèvis kominote a. An 2007, gen chanjman ki fèt nan pwosedi revizyon an, kidonk kounye

a li pral fèt chak 4 an, pase pou l ta kontinye fèt chak 3 an.

Pandan mwa me a, reyinyon regilye Tab Wonn pou Patipasyon nan Kominote a (CIR) te òganize avèk ofisyèl ki te reprezante FHWA, FTA, ak Depatman Transpò Florid la (FDOT). Objektif reyinyon an, se te tande kisa rezidan yo te gen pou yo di, ak ki konsèy yo te vle bay, epi kòmman yo te vle fè pou ede nan amelyorasyon pwosedi plannifikasyon MPO Broward ap egzekite a. Aktivite sa yo ap sèvi, paske se youn nan dènye etap pou òganizasyon nou an rive resevwa sètifikasyon l.

## KOUT CHAPOU DÈNYE PREZIDAN MPO BROWARD LA, ONORAB RICHARD J. KAPLAN

Manm nan MPO Broward la ansanm ak aplwaye yo ta vle pwofite chans sa a pou voye yon gwo kout chapo pou Majistra Richard J. Kaplan poutèt sèvis estrawòdinè li fè pou òganizasyon an ak pou moun li reprezante yo. Majistra Kaplan te Majistra Lauderdale, nan Florid, depi 1998, epi li te manm nan konsèy administrasyon MPO Broward la depi mitan ane 90 yo. Li te vin prezidan MPO Broward la an 2000.

L ap kontinye sèvi nan komite tankou National League of Cities Transportation, Infrastructure, and Services Policy, epi l ap rete prezidan Konsèy Konsiltatif MPO Florida a (MPOAC) ki reprezante 26 MPO nan Eta a, epi l ap rete nan Konsèy Direktè Asosyasyon MPO a (AMPO). An 2003 ak 2004, Majistra Kaplan te sèvi kòm prezidan òganizasyon lokal, òganizasyon Eta, ak òganizasyon federal MPO yo, sa ki vle di AMPO, MPOAC, ak MPO Broward.

Anpil moun konnen Majistra Kaplan kòm yon lidè ki sèvi avèk imajinasyon l pou l wè ak pou l plannifye pou tout yon rejyon. Se

sou direksyon l yo te kreye A j a n s Transpò Rejyonnal pou Sid Florid la (SFRTA). Pa gen lontan, li te fè fòmè Konsèy pou Transpò nan Sidès Florid la (SEFTC), ki te genyen ladan l direktè MPO nan Broward, Miami-Dade, ak Palm Beach yo, pou rezoud pwoblèm rejyonnal nan zòn twa konte yo. Nan mwa oktòb 2006, Majistra Kaplan te resevwa pri anyèl AMPO a pou Lidèchip Esepssyonèl li bay, kòm yon Ofisyèl yo te chwazi nan Eleksyon.



Nouvo prezidan MPO a, Daniel J. Stermer, ap remèt Majistra Kaplan pri anyèl AMPO a pou Lidèchip Esepssyonèl li bay, kòm yon Ofisyèl yo te chwazi nan Eleksyon.



Majistra Kaplan ak Josephus Eggelation Jinyò, Majistra Broward County, Komisè, ak Reprizant SFRTA pou MPO Broward la, ap fè yon ti pale anvan reyinyon konsèy administrasyon MPO Broward la.

Anvan li te vini Majistra, li te sèvi pandan 10 an kòm Komisè Vil la; lè sa a, li te ekri plis pase 100 òdonnans sou taks, p w o t e k s y o n anviwonman, plan pou vil la, ak restriktirasyon gouvènman vil la. Majistra Kaplan te resevwa yon Metriz nan Dwa sou Taks nan Inivèsite Miami an

1981; li te resevwa yon Doktora an Dwa nan Inivèsite Deta Cleveland an 1980, epi Lisans Inivèsitè pou Etid Jeneral li an 1977 nan Inivèsite Michigan.

## REKAPITILASYON SOU VIZIT MPO BROWARD POU FÈ KONTAK NAN LEKÒL AN 2007 YO

Sa fè 4 an youn dèyè lòt MPO Broward la rive reyalize vizit pou fè kontak nan lekòl yo. Aktivite pou fè kontak sa yo te koumanse ane sa a nan dat 23 mas nan Nova Dwight D. Eisenhower Elementary School nan vil Davie. Nan lòt kote yo te pwogame pou vizit, te genyen Coconut Creek Elementary, Winston Park Elementary, Quiet Waters Elementary, ak Tradewinds Elementary. Seri vizit 2007 la te fini nan dat 8 me, nan Hollywood Park Elementary.

Pwogram lan genyen ladan l yon prezantasyon 30 minit, kote elèv yo resevwa yon leson entèaktif ki anmize yo, sou plannifikasyon transpò. Pwofesè ki ba yo leson an, se Buddy, yon gwo machin wouj ki konn pale, epi ki mache ak yon telekòman. Apre sa, yo remèt elèv yo yon kesyonè, ansanm ak bilten vòt epi lòt enfòmasyon pou yo pote montre papa ak manman yo. Kòm rekonpans pou patipasyon yo, elèv yo resevwa yon sak pou pote manje, avèk etikèt MPO Broward la sou li. Yo bay pwofesè yo ak direktè lekòl la yon Sètifika Apresyasyon pou afiche nan biwo yo.

Avèk yon total 18 lekòl elemantè nan Broward, pwogram lan pwouve li pa janm twò bonè pou aprann plannifye transpò. Anmezi pwogram lan ap fè pwogrè chak ane, li sanble

l ap fè yon pi gwo enpak sou elèv yo. Kòm prèv pou sa, ane sa a, elèv nan Winston Park Elementary yo kreye yon kat ki di Buddy ak ekip li a "Mèsi". Yo fè kat yo alamen, epi yo ekri sou yo sitasyon ki soti nan leson yo aprann yo, ansanm ak desen ki montre Buddy ak anplwaye MPO yo.



MPO Broward la te jwenn yon bagay ki fè l plezi tou nan Tradewinds Elementary, lè li aprann, anplis metòd yo te aplike pou sekirite nan trafik yo, elèv yo ap pran dispozisyon ki prevwa pwoteksyon pou anviwonman an. Yon fwa pa mwa, elèv yo ak pèsonnèl lekòl la patisipe nan sa yo rele "Monte

Bisiklèt oubyen Mache pou Ale Lekòl". Nan jou sa a, elèv ki pa rete lwen yo chwazi pou yo monte bisiklèt oubyen pou yo mache, pase pou papa ak manman yo mennen yo lekòl nan oto.

MPO Broward la pral kontinye sipòte pwogram pou fè kontak avèk elèv yo; se pou sa li pral pwogame 6 prezantasyon nan lekòl ankò pandan ane akademik 2007-2008 la. Sonje veye kisa Buddy ak ekip li a pral fè, paske yo kapab byen vini nan yon lekòl nan katye w!

## VIZYON AK DEVOUMAN MENNEN NAN REYALIZASYON PWOJÈ ANBELISMAN MARINA MILE 84 LA

Nan dat jedi 19 avril 2007 la, Vil Fort Lauderdale la te òganize yon seremoni koupe riban nan Broward County Police Benevolent Association nan Fort Lauderdale, pou selebri reyalizasyon pwojè embelisman Marina Mile 84 la. Kòm patnè vil la nan seremoni a, te genyen Broward County, Vil Dania Beach, Vil Davie, ak Asosyasyon Marina Mile 84 la.

Marine Mile, ki pèmèt kondui sou yon bèl distans depi wès I-95 jiska Port Blvd/SW 30yèm Avni, gen yon bèl tèm maren kounye a. Nan pami amelyorasyon ki fèt pou transpò nan koridò a, gen 2 bwe an twa dimansyon, ki sèvi kòm mesaj koutwazi pou vizitè yo. Senbòl yo reprezante a, se distrik maren an, avèk logo Broward County, Vil Dania Beach, Vil Davie, ak Vil Fort Lauderdale.

Kòm lòt amelyorasyon yo fè sou wout la, genyen 112 nouvo pye Palmis Sabal yo plante, epi kèk nouvo plant pou dekorasyon ak plis limyè nan lari.



Se Vil Fort Lauderdale ki bay foto sa a. Nan ranje devan an: Tom Truex, majistra Vil Davie a, ; Bob Anton, majistra Dania Beach; Joe Rubano, RPM Diesel Co; Margaret Croxton, asistan direktis Marina Mile; Cindi Hutchinson, komisè Fort Lauderdale; Jim Naugle, majistra Fort Lauderdale. Nan ranje dèyè a: Ivan Pato, manadjè Vil Dania Beach; ak Bill Bigger, asistan prezidan Marina Mile.

## “METE L NAN LARI A”



Patipasyon nan fèt la ap pran yon pòz nan jwèt yo ak festivite Cinco de Mayo a pou reponn yon kesyonè sou transpò.

### Jounen Miramar

Nan dat samdi 5 me 2007 la, Vil Miramar la te gen 52 an. Pou anivèsè sa a, Vil la òganize yon selebrasyon Cinco de Mayo nan Miramar Regional Park. Fèt la te koumanse ak yon espozisyon sou siklòn, kote yo te bay konsèy pou sekirite, epi yo te distribye founiti pwoteksyon kont siklòn, ak kadò.

Aktivite prensipal yo koumanse a 5:00 apremidi; yo te genyen espektak pou timoun, atis ki te vin jwe, dans, jwèt gratis pou moun tout laj, pentire figi, ak basen kim pou timoun yo jwe ak rafrech ki yo.

MPO Broward County a te la, avèk Estasyon Enfòmasyon Mobil la ak bagay pou yo montre moun, epi pou distribye kesyonè ak reponn kesyon sou plannifikasyon transpò. Gen yon total 54 nan moun ki te vini yo, ki reponn kesyonè sou transpò a. Plis pase mwatye ladan yo te fè konnen yo gen pwoblèm avèk anbouteyaj nan sikilasyon oto nan kominote Miramar la. Lòt kesyon yo te di ki enpòtan pou yo, se bezwen fasilite pou bisiklèt ak yon sistèm transpò piblik.